

---


# Gid pou

## Ranbousman Prè Etidyan

.....

*Gid pou ranbousman prè etidyan sa a se yon koleksyon enfòmasyon itil etidyan nan kolèj kounyea, sa a yo ki fèk diplome, paran ak nenpòt moun k ap chèche ranbouse dèt etidyan yo.*

.....



*Gid sa a se yon pwojè edikasyon konsomatè ki sot nan:*

Connecticut Office of the Attorney General  
Connecticut Department of Banking  
Connecticut Department of Consumer Protection

---

# BYENVENI

---

Chè Prètè,

Byenveni nan gid pou ranbouse prè etidyan, yon koleksyon enfòmasyon itil pou etidyan ki lekòl, sa a yo ki fèk gradye, paran ak nenpòt moun ki ap chèche ranbouse prè etidyan.

Gid sa pral ede ou konprann prè ou yo, dwa, responsablite, chwa pou ranbousman ak kote pou jwenn plis enfòmasyon. Li eksplike tou kouman ajans ki jere dèt ou a kapab ede epi tou kouman ou dwe evite pou tonbe victim magouy.

Enfòmasyon nan gid sa a konsène moun ki gen prè federal yo. Prè prive yo tankou sa nou jwenn nan men bank, kredi sendika, oswa lekòl, kapab anba règleman ki diferan.

Li kapab difisil pou konprann ranbousman dèt etidyan. Nan bi pou ede ou, nou mete yon bon Leksik/Glosè Mo ki genyen nan gid sa a. Nou mete tou yon Endèks pou Adrès Sitwèb ak wèb adrès ki konplè yo nan gid la.

Menmsi gid la gen kèk konsèy jeneral pou moun ki dwe yo, moun ki ap chèche enfòmasyon sou mwayen pou peye pou kolèj dwe ale/vizite [Èd Finansyè pou Etidyan](#) sou sitwèb State Connecticut la.

Pou fini, gid la te kreye kòm yon kote pou kòmanse olye yon sous detaye ak definitiv pou tout enfòmasyon ki kapab gen rapò a yon moun ki gen dèt etidyan patikilye. Enfòmasyon ou jwenn la a tou nèt kòmanse nan mwa Janvyè 2016.

---

*Gid sa a se yon pwojè pou edikasyon konsomatè pa:*



---

*Mèsi a òganizasyon anba a yo  
pou itilizasyon enfòmasyon ak lyen sitwèb yo:*

[U.S. Department of Education](#)  
[Consumer Finance Protection Bureau](#)  
[Connecticut Office of Higher Education](#)

- Tab Matyè yo

Tip Prè Federal pou Etidyan: [Paj 3](#)

---

Planifikasyon pou Ranbousman: [Paj 4](#)

---

Plan Ranbousman: [Paj 5](#)

---

Jesyonè Prè Etidyan: [Paj 7](#)

---

Pwogram pou Padon Prè: [Paj 8](#)

---

Defans Ranbousman: [Paj 9](#)

---

Pwoteje Tèt ou kont Magouy: [Paj 10](#)

---

Glosè Mo: [Paj 11](#)

---

Endèks pou Adrès Sit Wèb: [Paj 14](#)

---

# • Tip Prè Federal pou Etidyan

U.S. Department of Education an gen de pwogram kredi federal pou etidyan:



**Pwogram Federal Kredi Dirèk William D. Ford (Kredi Dirèk) la** se pi gwo pwogram kredi federal pou etidyan. Anba pwogram sa a, U.S. Department of Education an se li ki kreyansye ou. Gen kat (4) tip Kredi Dirèk ki disponib yo:

- o [Kredi Dirèk Sibvansyone](#) se prè yo fè etidyan nan ki poko diplome ki montre bezwen finansye pou ede yo kouvri depans pou edikasyon siperyè nan yon kolèj oswa lekòl pwofesyonèl.
- o [Kredi Dirèk ki Pa Sibvansyone](#) se prè yo fè etidyan elijib yo nan ki poko gradye, siperyè ak pwofesyonèl, men etidyan sa a yo pa oblije montre bezwen finansye pou elijib pou prè a.
- o [Kredi Dirèk PLUS](#) se prè yo fè etidyan ki diplome oswa etidyan pwofesyonèl ak paran etidyan ki poko diplome depandan pou ede ak depans edikasyon ke lòt èd finansye pa kouvri.
- o [Konsolidasyon Kredi Dirèk yo](#) pèmèt ou konbine tout prè federal ou yo ki elijib nan yon sèl prè ak yon sèl jesyonè prè ou yo.

*To enterè pou kredi dirèk yo fikse epi lwa federal mete montan an chak ane.*



**[Pwogram Kredi Federal Perkins](#)** se yon pwogram prè baze-sou-lekòl pou etidyan ki poko diplome ak etidyan siperyè yo ki gen bezwen finansye eksepsyonèl. Anba pwogram sa a, se lekòl la ki kreyansye a. **Nan lè liv sa a te ekri a, Kredi Perkins yo pat disponib ankò. Men, si ou nan faz ranbousman kounye a, ou kapab gen prè sa a.**

Lòt chwa pou jwenn kredi nan Connecticut:



**[Connecticut Higher Education Supplemental Loan Authority \(CHELSEA\)](#)** se yon otorite leta prèske-piblik kreye pou ede etidyan ak fanmi yo peye pri edikasyon siperyè yo. CHESLA sèvi kòm yon lòt sous fon kredi pou etidyan ki nan oswa ki soti nan Eta Connecticut ki pa kalifye pou prè ki baze-sou-bezwen, ki bezwen prete plis pase kantite maksimòm lòt pwogram kredi yo bay, oswa chèche lòt chwa pou kredi ak sèvis. Prè CHESLA yo pa prè federal.

***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Tip Prè Etidyan yo?***

- [Kredi Federal vs. Prive yo: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- ["Paying for College: Your Guide to Federal College Aid Programs" nan State of Connecticut Office of Higher Education](#)

# • Planifikasyon pou Ranbousman

**Planifikasyon ranbousman ou se yon pati** enpòtan pou fè si ou fin peye prè yo nan dèlè ki te prevwa yo. Lè ou gradye, desann nan mwaye kredi ou bezwen pou anwole an plen tan, oswa kite pwogram akademik ou, ou pral resevwa yon peryòd-de-gras pou sis mwa pou Prè Dirèk yo, *Sibvansyone ak Non-Sibvansyone*.

Peryòd-de-gras ou kòmanse yon jou apre ou sispann ale lekòl nan mwens mwaye tan. Yon fwa peryòd-de-gras ou la fini, ou dwe kòmanse ranbouse prè ou (yo)

*Baze sou kalifikasyon, etidyan ki prete lajan ka ranbouse prè yo apre 10, 15, oswa 30 an.*

Men etap yo nou rekòmande ou pran anvan peryòd ranbousman ou kòmanse:



## **Fè yon lis tout dèt etidyan ou yo nan sèvi ak resous sa a yo.**

Prè Federal yo: [Ale nan Sistèm Done Nasyonal Prè pou Etidyan](#)

Prè Prive yo: [Wè yon kopi gratis rapò sou kredi ou](#)



## **Detèmine sa ou ka peye nan fè yon bidjè masyèl revni ak depans ou yo.**

[U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#) genyen yon zouti bidjè ou ka itilize.



## **Chwazi yon plan ranbousman ki baze sou sa ou ka peye, ak sou kalifikasyon ou.**

Moun ki gen prè etidyan federal yo gen [plizyè chwa plan ranbousman](#) ou ta dwe revise anvan peryòd pi ou fini. Si ou pa chwazi yon plan pandan peryòd-de-gras ou, yo pral mete ou nan “nan plan ranbousman nòm” la. Plis tan prè ou yo fè nan ranbousman, se plis enterè ou ap peye.

Ou dwe ranbouse prè ou yo menm si ou pa konplete fòmasyon ou, ou pa ka jwenn travay ki gen rapò ak sa ou te aprann nan, oswa ou pa satisfè ak fòmasyon prè ou la te finanse a.

## ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Planifikasyon Ranbousman?***

- [Zouti Wèb pou Ranbouse Dèt Etidyan : Consumer Financial Protection Bureau](#)
- [Plan Ranbousman: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- [Lè ou Diplome oswa Kite Lekòl: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- **Prè Prive:** Etidyan ki prete lajan yo ta dwe kontakte founisè sèvis prè yo pou diskite chwa ki posib yo pou fè ranbousman pi abòdab.

# • Plan Ranbousman

**Genyen anpil plan ranbousman** pou prè etidyan ou yo. Anpil nan plan ranbousman yo pral baze sou ki tip prè ou ap ranbouse ak sityasyon aktyèl edikasyon ak travay ou.

## ***Ki chwa ranbousman ki genyen pou moun ki gen prè federal yo?***

- 1 **Ranbousman Nòmal:** Ou peye yon montan \$50 ou plis chak mwa jiskaske prè a fin peye. Plan ranbousman sa a dire jiska 10 lane.
- 2 **Ranbousman Pwolonje:** Ranbousman pwolonje se pou yon kredi Prè Dirèk pou plis ke \$30,000, ki te pran apre 7 Oktòb 1998. Dire ranbousman sa a se jiska 25 lane. Ou ta ka gen yon chwa nan:
  - **Peman Fiks:** Ou peye menm montan chak mwa.
  - **Ranbousman Ofi-amezi:** Peman ou yo kòmanse ba epi yo monte chak de lane. Dire ranbousman sa a se jiska 10 lane.
- 3 **Ranbousman Dapre Revni (ICR):** Nan plan sa a, yo kalkile peman mansyèl ou yo chak ane sou baz revni brit ajiste ou (AGI, plis revni mari ou si ou marye), gwosè fanmi an, ak montan total Prè Dirèk ou yo chak ane. Peryòd maksimòm pou ranbousman sa a se 25 lane.
- 4 **Ranbousman ki baze sou revni (IBR):** Nan plan sa a, peman mansyèl yo mande a baze sou revni ou pandan nenpòt peryòd lè ou gen yon difikilte finansye ki tanporèl. Yo kapab ajiste peman mansyèl ou chak ane. Peryòd ranbousman sa a ka depase 10 lane.
- 5 **Ranbousman ou peye jan ou touche:** Plan sa a se pou moun sa a yo ki kalifye pou difikilte finansye tanporèl. Montan peman an kapab monte oswa desann baze sou revni ak gwosè fanmi an. Prè etidyan ki elijib genyen ladan yo Kredi Dirèk yo tankou tou kèk tip prè Pwogram Kredi Federal pou Edikasyon Fanmi.

## ***Kouman pou mwen enskri oswa chanje plan ranbousman mwen?***

- Ou kapab kontakte jesyonè prè ou pou aprann plis sou chwa pou chanje plan ranbousman ou.
- Vizite [U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#) la pou enskri nan yon plan ranbousman ki baze sou revni.

*Si ou se yon manm aktif nan sèvis, ou kapab elijib pou benefis ranbousman espesifik. Ou ka jwenn plis enfòmasyon atravè [Consumer Financial Protection Bureau on Military Deferment an.](#)*

## **Kisa peman yo ta ka ye anba chak chwa pou ranbousman?**

[Zouti pou estime U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#) la kapab di ou sou kisa peman ou yo ta ka ye baze sou enfòmasyon egzat kredi ou, ansanm ak plan ranbousman ou.

***Nòt:** Kalkilatis sa a fèt pou moun ki poko fè premye peman yo. Si ou deja kòmanse ranbousman ou, FSA rekòmande kontakte jesyonè prè ou pou jwenn yon estimasyon ki pi egzat sou kisa nouvo peman ou yo ta dwe ye anba plan diferan an yo.*

### **Konsolide Prè ou yo:**

Li kapab pi senp pou konbine tout prè ou yo nan yon sèl peman. Estrikti ranbousman pi long yo ka diminye peman masyèl ou yo. Men, yo ka ogmante montan total enterè ou yo pandan dire prè a, epi fè prè ou vin koute plis.

*Prè etidyan prive pa kalifye pou konsolidasyon federal, men, kèk enstitisyon finansye tankou bank ak kredi sendika ka ofri pwogram refinansman.*

### **Si ou pa peye:**

Manke fè peman sou prè ou la ka gen konsekans ki grav. Prè ou la vin an reta si yo pa resevwa peman masyèl ou nan dat ki te prevwa. Yo konsidere ou "an delenkans" nan prèske tout prè federal pou etidyan yo si prè ou la gen plis pase 270 jou san ou pa fè peman. Prè ki an delenkans yo sijè pou frè reta, frè koleksyon ki rezonab ak depans, frè tribinal, frè avoka ak sezi nan salè, ak/oswa ranbousman taks eta ak federal.

Si ou dèyè nan peman ou yo, kontakte jesyonè ou *imedyatman* pou chèche konnen kijan pou mennen kont ou an a dat. Ou ka li plis sou mete ranbousman ou a dat oswa reyabilitasyon dèt ak resous sa a yo:

- [Dèt Reyabilitasyon: U.S. Department of Education Student Aid Office](#)
- [Reyabilitasyon: Consumer Financial Protection Bureau](#)

### ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Plan Ranbousman?***

- [Dèt Konsolidasyon: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- [Enstriksyon pou Ranbousman: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- [Konsolidasyon Prè Federal pou Etidyan: Consumer Financial Protection Bureau](#)

# • Jesyonè Prè Etidyan

**Jesyonè prè etidyan yo se** konpayi ki kolekte peman, reponn kesyon kliyan, epi fè lòt travay administratif ki asosye ak konsèvasyon yon prè etidyan. Yo kapab se kreyansye orijinal ou oswa yon konpayi diferan.

## ***Kisa jesyonè ka fè pou ede mwen?***

- Reponn kesyon sou prè etidyan ou la
- Konseye ou sou fè peman ki abòdab
- Detèmine chwa plan ranbousman ki disponib
- Ede ak konsolidasyon prè
- Okipe ranvwa ak sispansyon yo
- Bay asistans ak chwa pou padon, anilasyon ak akitman

Bòdwo mansyèl ou resevwa  
*pou ranbousman prè  
etidyan pral soti nan  
men jesyonè prè  
etidyan ou.*

## ***Kijan pou mwen jwenn jesyonè prè etidyan mwen?***


- **Prè Federal yo:**
  - Vizit [Sistèm Done Nasyonal Prè pou Etidyan](#) pou chèche prè federal pou etidyan ou epi detèmine jesyonè prè federal etidyan ou yo.
  - Vizite [Federal Student Aid Office Website](#) la pou enfòmasyon sou kontak jesyonè prè federal pou etidyan ou
- **Prè Prive yo:**
  - Si ou gen yon prè prive, kontakte kreyansye ou pou detèmine kilès jesyonè prè etidyan ou la ye.

## ***Kisa mwen ta dwe konnen sou travay ak jesyonè prè yo?***

- Pa meprize lèt ki soti nan men jesyonè ou yo, epi fè yo konnen nenpòt chanjman adrès.
- Vizite sitwèb jesyonè dèt ou pou kontak ak lòt enfòmasyon.
- Lè sa posib, kominike ak jesyonè dèt ou alekri.
- Kenbe yon jounal ki gen dat ak detay kominikasyon ak jesyonè dèt ou.
- Kenbe kopi bòdwo/bil, resi, lèt, ak imèl ki soti lakay jesyonè dèt ou.
- Chak prè gen jesyonè pa li. Men, de oswa plis nan prè ou yo ka gen menm jesyonè a
- Jesyonè ka chanje pandan ou ap ranbouse dèt ou a.
- Si ou gen nenpòt kesyon sou enfòmasyon ki soti lakay jesyonè prè etidyan ou, ou dwe kontakte Connecticut Department of Banking nan.

***Ki kote mwen ka pote plen oswa jwenn èd pou rezoud yon konfli ak yon jesyonè prè etidyan, twazyèm gwoup negosyatè dèt etidyan oswa pèseptè dèt?***

- [Connecticut Department of Banking](#) nan 1.800.831.7225
- [Consumer Financial Protection Bureau](#) nan 1.855.411.2372



## ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Jesyonè Prè Etidyan yo?***

- [Konprann Jesyonè Prè yo](#)
- [Lòt Enfòmasyon sou Jesyonè Prè yo](#)
- [Travay ak Jesyonè Prè yo](#)



# • Program pou Padon Prè

**Padon Prè** se anilasyon tout oswa yon pati nan balans prè federal etidyan ou. Si yo padone prè ou la, ou pa responsab pou ranbouse li ankò.

## (PSLF) Pwogram Sèvis Piblik pou Padon Prè



**PSLF Pwogram nan** kreye pou ankouraje ou pou antre nan ak kontinye travay an plen tan nan sèvis piblik. Anba pwogram nan, ou ka kalifye pou jwenn padon sou balans ou rete dwe nan prè Pwogram Federal Prè Dirèk William D. Ford apre ou fin fè 120 peman ki kalifye sou prè sa a yo pandan ou ap travay an plen tan pou kèk anplwayè sèvis piblik. Nenpòt prè ki nan bon eta nan Pwogram Prè Dirèk la kalifye pou padon.

*Ou ta dwe wè ak pwofesyonèl taks ou pou detèmine kijan pason prè ou ka afekte taks sou revni pèsònèl ou.*

## Pwogram Padon Prè pou Anseyan



Pwogram Padon Prè pou Anseyan ankouraje moun pou antre nan ak kontinye metye anseyan. Anba pwogram sa a, si ou anseye an plen tan pou senk lane akademik konplè epi youn-apre-lòt nan kèk lekòl primè ak segondè ak ajans sèvis edikatif ki sèvi fanmi ki gen revni ki fèb, epi ou gen lòt kalifikasyon, ou ka vin elijib pou padon pou yon total konbine jiska \$17,500 sou Prè Dirèk Federal Stafford Sibvansyone ak Non-sibvansyone ou yo. Si ou gen Prè Dirèk PLUS la sèlman, ou pa elijib pou tip padon sa a.

**Nòt:** Si ou enskri nan yon plan ranbousman ki baze-sou-revni, ou ka elijib pou padon prè apre 20 oswa 25 lane. Ou ka jwenn plis enfòmasyon nan [U.S. Department of Education Financial Student Aid Office](#) la.

### ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Padon pou Prè yo?***

- [Pwogram Sèvis Piblik pou Padon Prè \(PDF\)](#)
- [FAQs on PSLF \(PDF\)](#)
- [Padon, anilasyon, & Akitman: U.S. Department of Education Federal Student Aid Office](#)
- [Pou Moun ki Dwe yo: Consumer Financial Protection Bureau](#)
- [Pou Anplwayè Sèvis Piblik yo: Consumer Financial Protection Bureau](#)
- [Asistans pou Etidyan Ameriken](#)

# • Defans Ranbousman

**Etidyan ki prete lajan ki elijib** kapab nan sikonstans patikilye aplike pou akitman yon pati oswa tout prè yo lè yo fè yon Reklamasyon Defans Etidyan ki prete lajan nan U.S. Department of Education an. Yon Etidyan ki prete lajan Reklamasyon Defans se yon fason pou pa ranbouse dèt ou nan ka ou te fè eksperyans sikonstans ki dekri anba a yo

## ***Nan ki sikonstans mwen ta dwe prezante yon Etidyan ki prete lajan Reklamasyon Defans?***

Etidyan ki prete lajan yo ki gen Prè Federal Dirèk elijib pou prezante yon etidyan ki prete lajan reklamasyon defans si yo te pran yon prè federal pou ale nan yon lekòl ki:

- Te fè deklarasyon ki fo oswa pou twonpe sou enpòtans yon pwogram edikatif oswa finansman nesèsè pou peye pou yon pwogram
- Angaje nan lòt move zak oswa ki pa legal oswa oubli ki vin lakòz yo pran aksyon legal kont lekòl la dapre lwa leta ki aplikab

## ***Kijan pou mwen fè yon Etidyan ki prete lajan reklamasyon Defans?***

- U.S. Department of Education an ap devlope yon pwosesis reklamasyon senp pou etidyan ki prete lajan yo ki vle fè yon Etidyan ki prete lajan reklamasyon Defans ka itilize alavni. Yon fwa sa disponib, Depatman planifye pou bay lòt enfòmasyon konsènan nouvo pwosesis pou reklamasyon [sou sitwèb yo](#).
- Si ou chwazi olye de sa pou fè reklamasyon ou anvan nouvo pwosesis la disponib, ou ka soumèt dokiman pa imèl nan [FSAOperations@ed.gov](mailto:FSAOperations@ed.gov) oswa pa la pòs nan: Department of Education, PO Box 194407, San Francisco, CA 94119.



Yon lis enfòmasyon ou dwe soumèt gen ladan li tout Etidyan ki prete lajan reklamasyon Defans nan paj [Debt Relief for Corinthian Colleges Students](#) nan Sitwèb Department of Education.

## ***Ki tip asistans ki disponib?***

- Etidyan ki prete lajan ki prezante yon Etidyan ki prete lajan reklamasyon Defans kapab elijib pou plizyè fòm asistans, tankou sa ki vin anba a yo:
  - Yon desizyon ofisyèl ki di ou pa oblije ranbouse yon pati oswa tout dèt anvanm ak depans ak frè ki asosye yo
  - Yon chanjman nan kondisyon prè ou ki di ou pa an delenkans
  - Yon dènye rapò kredi ki chanje enfòmasyon negatif sou prè ou


### ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Ranbousman Defans?***

- [U.S. Department of Education Report on Borrower Defense](#)
- [Asistans Dèt pou Corinthian College Students](#)

# • Pwoteje Tèt ou kont Magouy

Etidyan ki prete lajan etidyan kapab tounen yon sib pou magouyè ki pwomèt pou ede yo jere dèt etidyan yo. Kèk siy magouy nan asistans dèt etidyan se:

- Mande frè ilegal davans
- Frè mansyèl ki reparèt
- Chaje frè pou fòm gouvènman ki gratis
- Fè presyon sou ou pou siyen otorizasyon Pouvwva Avoka
- Non oswa logo/imag ki sonnen menm jan ak sa ki ofisyèl oswa gouvènmantal



## ***Ki kote mwen ka ale ak kesyon sou konpayi prè etidyan yo?***

Anvan ou voye nenpòt lajan oswa bay enfòmasyon finansye ki pèsònèl bay konpayi ki fè tankou yo se twazyèm gwoup negosyatè oswa pèseptè dèt, tcheke ak **Connecticut Department of Banking** nan oswa **Connecticut Department of Consumer Protection**.

## ***Ki kote mwen ka pote plent?***

Si ou te peye lajan nan yon konpayi ki pa lisansye pou èd ak konsolidasyon dèt, plan ranbousman, sispansyon oswa ranvwa peman yo, ou ta dwe kontakte [Connecticut Department of Banking](#) nan imedyatman.

## ***Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Pwoteje Tèt mwen kont Magouy?***

- Yon lis konplè konpayi lisansye pou koleksyon dèt ak negosyasyon dèt disponib nan [Connecticut Department of Banking](#) la. Yon fwa ou nan sitwèb yo a, klike sou “Consumer Credit Licensing.”
- Si ou pa sèten si yon enstitisyon finansyè lejitim, ou ka kontakte [Connecticut Department of Banking](#) nan pou yon lis kreyansye ki lisansye nan 1.800.831.7225.
- Kontakte [Connecticut Department of Consumer Protection](#) an nan 1.800.842.2649

# ● Glosè/Leksik Mo

## [nan StudentAid.gov Glossary](#)

**Akitman:** Leve etidyan ki prete lajan nan obligasyon pou ranbouse prè li.

**Akitman lanmò:** Si oumenm, etidyan ki prete lajan a, mouri, lè sa a prè etidyan federal ou yo pral akite. Si ou se paran etidyan ki prete lajan prè PLUS, lè sa a prè ou la pral akite si ou mouri, oswa etidyan ou te pran prè pou li a mouri.

**Akitman nan fayit:** Si ou aplike pou chapit 7 oswa chapit 13 fayit, ou kapab jwenn prè ou akite an fayit si tribunal fayit jwenn ranbousman ta ka enpoze sou ou yon kontrent a leksè sou ou ak sou moun ki depann de ou yo. Desizyon sa a dwe pran nan yon pwosedi kontradiktwa nan tribinal fayit. Kreyansye ou yo kapab la pou konteste demann nan.

**Akitman pou Enfimite Total ak pèmanan (TPD):** Yon TPD akitman leve ou nan obligasyon pou ranbouse yon prè nan Pwogram Prè Federal Dirèk William D. Ford, Prè nan Pwogram Prè Federal Edikasyon Fanmi (FFEL), ak/oswa Pwogram Prè Federal Perkins (Perkins Prè) oswa konplete yon sèvis angajman Sibvansyon TEACH sou baz Enfimite Total ak pèmanan ou. Anvan prè federal pou etidyan oswa sèvis angajman Sibvansyon TEACH ou kapab akite, ou dwe bay enfòmasyon ki montre ou enfim totalman ak nan yon fason pèmanan nan U.S. Department of Education an. ED ap evalye enfòmasyon an epi detèmine si ou kalifye pou yon akitman TPD.

**Anilasyon:** Leve obligasyon etidyan ki prete lajan pou ranbouse tout oswa yon pòsyon chwazi nan prensipal/manman lajan ak enterè sou prè etidyan. Sa rele tou akitman oswa padon yon prè.

**Enterè:** Yon depans yo chaje ou pou sèvi ak lajan prete. Etidyan ki prete lajan peye enterè bay kreyansye. Yo kalkile depans la tankou yon pousantaj montan prensipal prè a ki ou poko peye.

**Jesyonè Prè:** Yon konpayi ki ranmase peman, reponn a kesyon kliyan yo, epi fè lòt travay administratif ki asosye ak konsèvasyon yon prè etidyan nan non yon kreyansye. Si ou pa si kilès ki Jesyonè Prè federal pou etidyan ou la, ou ka chèche li nan My Federal Student Aid.

**Kalifikasyon Sèvis Piblik:** Pou motif Pwogram Prè Padon Sèvis Piblik la, yo konsidere yon òganizasyon ki pa komèsyal ki pa egzonere nan taks anba Seksyon 501(c)(3) Kòd Revni Entèn nan yon anplwayè ki kalifye *si li bay kèk sèvis piblik*.

**Konsolidasyon:** Pwosesis pou konbine youn oswa plis prè ansanm pou fè yon sèl prè nouvo.

**Nouvo Prètè:** Yon moun ki pa gen okenn balans eksepsyonèl sou yon Prè Dirèk oswa Pwogram Prè Federal Edikasyon Fanmi (FFEL) prè lè li resevwa Prè Dirèk oswa Pwogram prè FFEL a nan yon oswa apre yon dat espesifik.

**Obligasyon Sèvis:** Egzijans nan sèvis ansèyman fikse nan Akò pou Sèvi a (ATS) ke ou dwe siyen pou resevwa yon Sibvansyon TEACH. Nan siyen ATS la, ou dakò pou anseye (1) an plen-tan, (2) nan yon domèn kote gen anpil nesosite, (3) nan yon lekòl ki gen revni fèb, oswa yon ajans ki bay sèvis edikatif nan kèk lekòl ki gen revni fèb, ak (4) pou omwen kat lane akademik konplè nan yon espas huit lane apre ou konplete (oswa sispann anwolman nan) pwogram etid pou sa ou te resevwa sibvansyon an. Si ou pa konplete akò sèvis anseye a, montan sibvansyon TEACH ou te resevwa pral vin konvèti nan yon Prè Dirèk Non-sibvansyone ke ou dwe ranbouse ak chaj

enterè kòmanse nan dat chak vèsman Sibvansyon TEACH.

**Padon Prè:** Padon Prè se anilasyon tout, oswa yon pòsyon nan balans prè federal pou etidyan. Si yo padone prè ou la, ou pa responsab pou ranbouse rès pòsyon prè a.

**Peryòd Repi:** Yon peryòd tan apre etidyan fin gradye, kite lekòl, oswa desann anba anwolman a mwaye tan kote yo pa oblije fè peman sou kèk prè federal pou etidyan. Kèk prè federal pou etidyan anpile enterè pandan peryòd-de-gras a, epi si enterè yo pa peye, yo pral ajoute li sou balans prensipal prè a lè peryòd ranbousman kòmanse.

**Prè Dirèk:** Yon prè etidyan federal fè atravè Pwogram Prè Federal Dirèk William D. Ford nan, pou ki etidyan ak paran ki kalifye prete dirèkteman nan men U.S. Department of Education an nan lekòl ki patisipe yo. *Prè Dirèk Sibvansyone, Prè Dirèk Non-sibvansyone, Prè Dirèk PLUS, ak Prè Dirèk Konsolidasyon* yo se tip Prè Dirèk.

**Prè Dirèk Konsolidasyon:** Yon prè federal U.S. Department of Education an fè ki pèmèt ou konbine ansanm youn oswa plis prè federal pou etidyan nan yon sèl prè nouvo. Kòm rezilta konsolidasyon, ou pral ka fè yon sèl peman chak mwa sou prè federal ou yo, epi valè tan li ap pran ou pou fin peye dèt ou pral pi long.

**Prè Federal Perkins:** Yon prè federal pou etidyan ki fèt pa lekòl benefisyè a, pou etidyan ki poko diplome ak etidyan diplome ki fè prè bezwen finansye. Nan lè liv sa a te ekri a, Prè Federal Perkins pat disponib, menm si anpil etidyan ki prete lajan kapab toujou ap ranbouse yo.

**Prè Federal pou Etidyan:** Yon prè gouvènman federal la finanse pou ede ak edikasyon ou. Yon prè etidyan federal se lajan prete ou dwe ranbouse ak enterè.

**Prè ki delenkan:** Ou pa fè ranbousman yon prè jan sa te dakò nan nòt la. Pou plis prè etidyan federal yo, yo pral an delenkans si ou pa fè yon peman nan plis pase 270 jou. Ou ka fè eksperyans konsekans ki grav si ou an delenkans.

**Prè Non-sibvansyone:** Yon prè kote etidyan ki prete lajan a totalman responsab pou peye enterè a kèlkeswa kondisyon prè a. Enterè sou prè Non-sibvansyone yo monte depi nan dat vèsman an, epi kontinye tout pandan dire prè a.

**Prè PLUS:** Yon prè ki disponib pou etidyan diplome ak paran etidyan ki poko diplome kote etidyan ki prete lajan a responsab nèt pou peye enterè a kèlkeswa kondisyon prè a.

**Prè Prive:** Yon prè ki fèt pa yon kreyansye tankou yon bank, kredi sendika, ajans leta, oswa lekòl.

**Prè Sibvansyone:** Yon Prè Sibvansyone baze sou bezwen finansye pou sa gouvènman federal la peye enterè ki anpile pandan etidyan ki prete lajan a nan estati nan-lekòl, repi, oswa ranvwa. Pou Prè Dirèk Sibvansyone ki te premye debouse ant dat 1 Jiyè, 2012, ak 1 Jiyè, 2014, Etidyan ki prete lajan a pral responsab pou peye nenpòt enterè ki anpile pandan peryòd-de-gras a. Si enterè a pa peye pandan peryòd-de-gras a, yo pral ajoute enterè a sou balans prensipal la.

**Pwogram FFEL:** Pwogram Prè Federal Edikasyon Fanmi

**Pwogram Federal Prè Dirèk William D. Ford (Prè Dirèk):** Pwogram federal la bay prè a etidyan ki elijib ak paran etidyan anba Title IV Higher Education Act. Se gouvènman federal la ki bay lajan pou etidyan ki prete lajan ki elijib a travè lekòl ki patisipe yo.

**Pwogram Prè Federal Edikasyon Fanmi (FFEL):** Anba pwogram sa a, kreyansye prive yo bay etidyan prè gouvènman federal ki te garanti. Prè sa a gen ladan yo Prè Federal Stafford Sibvansyone Stafford, Prè Federal Stafford Non-sibvansyone, FFEL Prè PLUS, ak FFEL Prè Konsolidasyon. Prè federal pou etidyan anba Pwogram FFEL yo pa fèt pa kreyansye prive yo ankò. Olye de sa, tout novo prè federal pou etidyan soti dirèkteman nan U.S. Department of Education an anba Pwogram Prè Dirèk la.

**Ranbousman Akitman ki pa Ranbouse:** Ou ka elijib pou yon akitman Prè Dirèk oswa Pwogram prè FFEL si ou kite lekòl, men lekòl la pat peye yon ranbousman li te dwe U.S. Department of Education oswa kreyansye a, jan sa apwopriye.

**Ranvwa:** Yon ranvwa peman sou yon prè ke yo pèmèt ou anba kèk kondisyon epi pandan tan sa a enterè pa anpile sou Prè Dirèk Sibvansyone, Prè Federal Sibvansyone Stafford, ak Prè Federal Perkins. Tout lòt prè etidyan federal ki repòte yo pral kontinye anpile enterè. Nenpòt enterè ki anpile pandan peryòd ranvwa prè a (yo) ka ajoute sou balans prensipal la (kapitalize).

**Sibvansyon:** Èd finansye, souvan baze sou bezwen finansye ke ou pa bezwen ranbouse (amwenske, pa egzant, ou kite lekòl epi ou dwe ranbousman).

**Sispansyon:** Yon peryòd tan lè peman mansyèl ou sispann tanporèman oswa redui. Kreyansye ka akòde ou sispansyon si ou dispoze, men ou pa ka fè peman a kòz kèk tip difikilte finansyèl. Pandan sispansyon an, peman yo sou prensipal la ranvwaye, men enterè yo kontinye anpile. Enterè san peye sou prè ou (yo) ki akimile pandan sispansyon an pral ajoute sou balans prensipal (kapitalize), sa ki vin ogmante montan total ou dwe a.

**To Enterè Fiks:** Yon to enterè ki fiks vle di to enterè ou pral rete menm jan pandan dire peryòd ranbousman an.

**To Enterè ki Varye:** Yon to enterè ki varye vle di to enterè ou ka chanje pandan peryòd ranbousman an.

## ● Endèks pou Adrès Sit Wèb

### **Paje 1: Byenveni**

Connecticut Student Financial Aid: <http://goo.gl/AS4DGH>  
U.S. Department of Education: <http://www.ed.gov/>  
Consumer Finance Protection Bureau: <http://www.consumerfinance.gov/>  
Connecticut Office of Higher Education: <https://www.ctohe.org/>  
Office of the Attorney General: <http://www.ct.gov/ag/site/default.asp>  
Connecticut Department of Consumer Protection: <http://www.ct.gov/DCP/site/default.asp>  
Connecticut Department of Banking: <http://www.ct.gov/dob/site/default.asp>

### **Paj 3: Tip Prè Federal pou Etidyan**

Prè Dirèk Sibvansyone: <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans/subsidized-unsubsidized>  
Prè Dirèk Non-sibvansyone: <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans/subsidized-unsubsidized>  
Prè Dirèk PLUS: <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans/plus>  
Prè Dirèk Konsolidasyon: <https://studentaid.ed.gov/sa/repay-loans/consolidation>  
Pwogram Federal Prè Perkins: <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans/perkins>  
Connecticut Higher Education Supplemental Loan Authority: <http://www.chesla.org/>  
Federal vs. Prè Prive: <https://studentaid.ed.gov/sa/types/loans/federal-vs-private>  
"Peye pou Kolèj": <http://www.ctohe.org/SFA/pdfs/SFABrochure.pdf>

### **Paj 4: Planifikasyon Ranbousman ou**

Konekte nan Sistèm Done Nasyonal Prè pou Etidyan: [https://www.nsls.ed.gov/nsls/nsls\\_SA/](https://www.nsls.ed.gov/nsls/nsls_SA/)  
Wè yon kopi rapò sou kredi ou gratis: <https://www.annualcreditreport.com/index.action>  
Zouti pou fè bidjè: <https://studentaid.ed.gov/sa/prepare-for-college/budgeting/creating-your-budget>  
Chwa pou Ranbousman Prè Federal pou Etidyan: <https://goo.gl/wgQyxf>  
Zouti pou Ranbousman dèt Etidyan: <http://goo.gl/sKKD3W>  
Plan Ranbousman: <https://studentaid.ed.gov/sa/repay-loans/understand/plans>  
Lè ou diplome oswa kite lekòl: <http://www.direct.ed.gov/leaving.html>

### **Paj 5: Plan pou Ranbousman**

Enskri nan yon Plan pou Ranbousman baze-sou-revni: <https://goo.gl/8MjgFY>  
Ranvwa Militè: <http://goo.gl/EI7ueS>

### **Paj 6: Plan pou Ranbousman**

Zouti pou estime Ranbousman Prè Federal pou Etidyan: <https://goo.gl/d0r42j>  
Reyabilitasyon Prè: <https://studentaid.ed.gov/sa/repay-loans/default/get-out#loan-rehab>  
Konsolidasyon Prè: <https://studentaid.ed.gov/sa/repay-loans/consolidation>  
Enstriksyon pou Ranbousman: <http://www.direct.ed.gov/inrepayment.html>  
Reyabilitasyon: <http://goo.gl/StvS6t>  
Konsolidasyon Prè Federal pou Etidyan: <http://goo.gl/xUS8st>

### **Paj 7: Jesyonè Prè Etidyan**

Sistèm Done Nasyonal Prè pou Etidyan: <http://www.nsls.ed.gov/>  
Jesyonè Prè-Èd Federal pou Etidyan: <https://goo.gl/Vr52kJ>  
Connecticut Department of Banking: <http://www.ct.gov/dob/site/default.asp>  
Consumer Finance Protection Bureau Submit a Complaint: <http://goo.gl/ohQcun>  
Konprann Jesyonè Prè : <https://studentaid.ed.gov/sa/repay-loans/understand/servicers>  
Lòt enfòmasyon sou Jesyonè Prè : <https://goo.gl/Y5TkjI>  
Travay ak Jesyonè Prè : <http://goo.gl/N7TLXS>

**Paj 8: Pwogram Padon Dèt**

Pwogram Sèvis Piblik Padon Prè: <https://goo.gl/uwjO0k>

Pwogram Padon Prè pou Anseyan: <https://goo.gl/J7fu06>

Chwa Ranbousman Financial Student Aid Office: <https://goo.gl/ekb9eJ>

Pwogram Sèvis Piblik Enfòmasyon Padon Prè: <https://goo.gl/u6ZRqr>

FAQS sou PSLF: <https://goo.gl/XZXKAc>

Padon, anilasyon ak akitman: <https://goo.gl/HvSkqo>

Padon (pou prètè) nan Consumer Financial Protection Bureau: <http://goo.gl/gfoybA>

Enfòmasyon pou Anplwayè Sèvis Piblik: <http://goo.gl/eVcWGU>

Asistans nan Dispit Akitman Prè pou Etidyan Ameriken: <http://goo.gl/B2HevB>

**Page 9: Ranbousman Defans**

Pwosesis ak enfòmasyon Etidyan ki prete lajan Reklamasyon Defans: <https://goo.gl/CzgrA5>

Rapò Depatman Edikasyon sou Etidyan ki prete lajan Defans: <https://goo.gl/ovhOmZ>

**Page 10: Pwoteje Tèt kont Magouy**

Connecticut Department of Banking Assistance Form: <http://goo.gl/84NbPx>

Connecticut Department of Consumer Protection Contact Page: <http://goo.gl/5oCFF6>

**Paj 11-13: Glosè/Leksis Mo**

Glosè Èd Federal pou Etidyan: <https://studentaid.ed.gov/sa/glossary>